

# Asistans Disponib pou Machin Ki Domaje pa Tanpèt Grav yo ak Inondasyon nan Rhode Island

Release Date: April 9, 2024

**CRANSTON, R.** i – si machin ou te domaje nan kad gwo tanpèt ak inondasyon ki te rive 17-19 Desanm 2023 ak 9-13 Janvye 2024 yo, asirans oto ak Us Small Business Administration (SBA) se resous prensipal ki disponib pou ede ak reparasyon ou yo. Si ou pa kapab resevwa èd atravè asirans oswa SBA, ou gendwa kalifye pou asistans atravè pwogram Other Needs Assistance (ONA) FEMA yo. Men kijan pou w gade si w kalifye pou asistans reparasyon oswa ranplasman machin:

- **Premyèman, depoze yon reklamasyon nan konpayi asirans ou si ou gen yon politik konplè.** Politik konplè anjeneral peye pou domaj ki gen rapò ak tanpèt nan yon machin. Asistans federal pou katastwòf ka ede konble defisi ki genyen pou moun ki gen pwoteksyon ki pa kouvri tout oswa yon pati nan depans pou domaj ki gen rapò ak tanpèt.
- **Retounen yon aplikasyon pou prè U.S. Small Business Administration (SBA) low-interest disaster-loan nan.** Apre enskripsyon nan FEMA, ou gendwa refere a SBA pou aplike pou yon aplikasyon low-interest disaster loan.
  - Soumèt aplikasyon w la bay SBA pi vit ke posib. Menm si reklamasyon ou pou konpansasyon pa te regle, ou ka toujou soumèt yon reklamasyon.
  - Pwopriyetè kay ak lokatè yo gendwa kalifye pou prete jiska **\$100,000** pou repare oswa ranplase pwopriyete pèsonèl, ki gen ladan otomobil ki domaje oswa detwi nan dezas la.
  - Si w kalifye pou prè SBA low-interest loan, ou pa oblige aksepte li. Pakont si w kalifye epi ou pa aksepte prè a, ou gendwa pa kalifye pou asistans adisyonèl FEMA.
  - Si SBA detèmine ou pa kapab peye yon prè, epi ou te enskri nan FEMA, ou ka refere nan **FEMA's Other Needs Assistance (ONA)**.

Pou w kòmanse pwoesisis la ak ONA, ou dwe verifye sa yo:



**FEMA**

Page 1 of 3

- Machin ou a te domaje pandan tanpèt la ak inondasyon an. Enspektè kay FEMA a ka anrejistre domaj la, oswa ou ka al gade nan lèt kalifikasyon FEMA ou a pou chèche konnen ki kote pou voye dokiman yo.
- Pwopriyete machin nan ak enskripsiyon valab ak tit.
- Yon minimòm asirans responsablite ki satisfè kondisyon Eta Rhode Island pou asirans nan moman katastwòf la.
- Ou pa gen okenn lòt machin ki ka itilize, ou ka konfime machin nan te domaje nan zòn dezas la deziyen an, epi bay yon deklarasyon yon mekanisyen ki fè lis kòz domaj la, kou reparasyon an ak si machin nan ka repare oswa fè total.
- FEMA aksepte kopi, kidonk, tanpri kenbe tout dokiman orijinal yo pou dosye ou yo.

### **Lòt bezwen pou machin:**

- Si ou gen plis pase yon machin ki domaje nan tanpèt la, ou pral oblige ekri yon deklarasyon ki eksplike poukisa kay ou bezwen plis pase yon machin k ap fonksyone. Mete kantite machin ak yon atestasyon asirans oswa deklarasyon pou chak machin.
- Si machin ou se ekipman agrikòl, tankou yon traktè, kontakte biwo lokal Farm Services Agency pou w pran enfòmasyon sou pwogram asistans dezas USDA a oswa ale sou <https://www.fsa.usda.gov/programs-and-services/disaster-assistance-program/index>.

### **Konsènan U.S. Small Business Administration (SBA)**

SBA ofri prè federal pou dezas ak enterè ki ba pou mèt kay, lokatè, ak biznis tout gwosè. SBA se sous fiansman prensipal gouvenman federal la pou rekonstwi alontèm pwopriyete ki te domaje nan yon katastwòf. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis prè SBA rele 800-659-2955, voye imèl bay [disastercustomerservice@sba.gov](mailto:disastercustomerservice@sba.gov), oswa vizite sit entènèt SBA a nan [sba.gov/disaster](http://sba.gov/disaster). Si ou soud, ou gen pwoblèm pou tande, oswa ou gen yon andikap pou pale epi w itilize yon TTY, rele 800-877-8339.

### **Enskri nan FEMA**

Enskri nan FEMA se premye etap lè w ap mande asistans federal nan yon dezas oswa ijans ki deklare pa prezidan. Aplikasyon an mande enfòmasyon tankou polis asirans ak enfòmasyon labank pou posib transfè lajan dirèk. Si ou gen telefòn,



**FEMA**

Page 2 of 3

sèvis selilè ak/oswa aksè entènèt, ou ka enskri nan youn nan fason sa yo:

- Anliy sou [DisasterAssistance.gov](#).
- Pa telefòn: 1-800-621-3362 soti 7 a.m. –rive 1 a.m. ET. Èd la disponib nan pifò lang. Si w itilize sèvis relè video (VRS), sèvis telefòn ki gen tit oswa lòt bagay, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a.
- Telechaje [FEMA App](#) la.

Sibvansyon FEMA pa oblige ranbouse. Asistans FEMA pa takse epi li pap afekte kalifikasyon Pou Sekirite Sosyal, Medicaid, oswa lòt benefis federal.

Enskri menm si ou gen asirans. FEMA pa ka double peman asirans, men moun ki gen mwens asirans ka resevwa asistans apre yo fin rezoud reklamasyon yo.

Pou dènye enfòmasyon yo, vizite [4765 | FEMA.gov](#) or [4766 | FEMA.gov](#). Swiv FEMA sou X, ke yo te rekonèt anvan kòm Twitter, sou [twitter.com/femaregion1](#) ak sou [facebook.com/fema](#).

Pou dènye enfòmasyon sou repons Rhode Island ak rekiperasyon, swiv Rhode Island Emergency Management Agency sou Twitter nan [twitter.com/RhodelsandEMA](#), sou Facebook nan [www.facebook.com/RhodelsandEMA](#), oswa vizite [www.riema.ri.gov](#).



**FEMA**

Page 3 of 3